Макъамэр-дахагъэщ

2-нэ нап.

Гъэзэщlэгъуафlэ нкlи сэбэп

3-нэ нап.

Хабзэ дахэм пащэ

4-нэ нап.

2024

Фокlадэм и 8-м | VII зэхуэсыгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хах

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№72 (24.666) ● 2024 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 19, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэм къыззритамкIэ

Набдзэгубдзаплъэу, хуэсакъыу

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий иригъэкIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм шынагъэмкIэ, Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ, хабзэм кIэлъыплъынымкIэ лэжьыгъэр зэзыгъэуIу зэхуэсыр. ВидеоэзэныщIэныгъэ Iэмалхэр къигъэсэбэну, абы хэтащ КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ жылагъуэ транспортым террорист щIэпхъаджагъэхэр къыщыкIыхъуным кIэлъыплъыныр нэхъри гъэлъэщын зэрыхуейм, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ хьыбарегъащIэ Iэмалхэмкlэ зэрыпащIэтыпхъэм.

Чайкэ Юрий къызэрыхигъащIкIэ, а Iуэхугъуэхэм нэхъ набдзэгубдзаплъэу хущытын хуейщ дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI лъэхъэнэм. Зытепсэлъыхьам теухуауэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм пщэрылъ щхьэхуэхэр яхуищIащ къулыкъущIэм.

Зэкъуэтыныгъэм телажьэ Iумэт

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Къурмэн махуэ лъапIэм ирихьэлIэу яIущIащ Мусулымэнхэм я Iуэхущlапlэм и унафэщI, муфтий Дзасэжь Хьэзрэталийрэ Iабу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым и ректор Чочаев Шарабутдинрэ.

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ зэгъусэу зэфIах, республикэм ис цIыхубэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэм, щIалэгъуалэм я гъэсэныгъэм, псапащIэ лэжьыгъэхэм.

Налшык и «КъуэкIыпIэ» хьэблэм щаухуэ мэжджыбгъэщIэм епха лэжьыгъэхэр здынэсами и гугъу ящIащ. Иджыблагъэ ихущ абы игъэтыну теплъэр яубыхун папщIэ ирагъэкIуэкIа проектхэм я зэпеуэр. КъэпщытакIуэхэм цIыхубэм ягу ихьэ ирихьэ сурэтыр къыхэкащ.

«Республикэм хабзэ хъуауэ щызэрахьэ дин къудамэ псори зэкъуэту, мыхъумыщIагъэ зигу къэкIхэм ар хуамыдэу зэрызэдзлажьэр къыхэзгъэщыну сыхуейщ, - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телегрантелым зэIущIэ нэужьым. – Дэ мыхьэнэшхуэ идот дин зэмылIужьыгъуэ зезыхьэхэм я зэхуакум къаугъэ къыдэмыхъуэн папщIэ мусулымэн Iумэтым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм. Ардыдэм и гугъу ящIащ УФ-м и Президент Путин Владимир Къурмэн махуэм ирихьэлIэу исламым хуэлажьэхэм защыхуигъэзам: «Мусулымэн Iуэхущlапlэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащI унагъуэр хъумэным, сабийхэр хэкупсэу къытэджным, дзэ Iуэху хэхам хэтхэми абыхэм я унагъуэхэми ядоIэпыкIу. Урысейм фIэщхъуныгъэ зыбгъэдэлъу щыпсэухэр зэгурыIуэн, лъэпкъ зэмылIужьныгъэу зэхэт ди щIыхубэр зэхуэдэу щIэпхъаджэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ».

Фlыгъуэ нэхъыщхьэм и хъумакIуэхэр ягъэлъапIэ

Налшык къалэм дэт Музыкэ театрым щекIуэкIащ медицинэм и лэжьакIуэхэр щагъэлъапIэ зэхьихьэ гуапэ. Ар къызэIуахащ, узыншагъэр хъумэныгъэмкIэ Iэнатlэм пэрытхэм я махуэ лэжьыгъэр зэрекIуэкIым уэхэзыгъэгъуазэ видеотеплъэгъуэхIэ. Адэкlэ махуэшхуэр зейхэм фIыщIэ, щыгъуэ псалъэхэмкIэ зыхуагъэзащI къэхуащIапIэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек** медицинэм и лэжьакIуэхэм зэрызахуигъаззэм кьеджащ республикэм и Унафэщlым и Администрацэм и Унафэщl **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**. ИужькIэ абы къыхэщIащ а унэтIныгъэм щылажьэхэм къэралым къыбгъэдэкIуу яхуэфащэн фIыщIэрэ щытхъурэ зэрагъэутыр икIи жиIащ Урысейм и махуэм ирихьэлIэу зыпэрыт Iэнатlэм зэфIэкI лъагэхэр къыщызыгъэпсэлъэхэм дамыгъэ лъапIэхэр зэрыратыжар: «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ лъапIэр къыхуагъэфощащ суд-медэксперт, ГБУЗ-м экспертизэ нэхъ гугъуэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Мечукаев Азрэт, КЪР-м и ЩIыхь тхылъыр иратащ Налшык дэт къалэ поликлиникэ №2-м и дохутыр нэхъыщхьэ Емуз Маринэ, «КЪР-м щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэр фIащащ Тэрч районым щыIэ Плановскэ къуажэм и сымаджэщым и унафэщI Тау Эллэ. Апхуэдэуи къигъэлъэгъуащ иджыри медицинэм и лэжьакIуэ зыбжанэм щIыхьыцIэхэр яфIэщыным, дамыгъэ лъапIэхэр етыным теухуа унафэм а махуэм КЪР-м и Iэтащхьэм Iэ зэрыщIидзар. «КЪР-м щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэр хуагъэфащащ Нарткъалэ дэт, ЩIыналъэхэм зздай, узыфэ зэмылIужьыгъуэхэр зыпкърыгъэм щIэзэз сымаджэщым операцэхэр щрагъэкIуэкI и къудамэм и унафэщI Бэракъ Олег, Шэрэдж район сымаджэщым и акушер-гинеколог Ульбашевэ Казибан, УнэтIныгъэ куэду зэхэт республикэ сабий клиникэ центрым и къудамэм и унафэщI, дохутыр-неонатолог Шыхъуэ Терезэ. «КЪР-м узыншагъэр хъумэныкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр фIащащ «Фармедтех» Iуэхущlапlэм и провизор Албэч Жанеттэрэ КЪР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI Кос Татьянэрэ. Абыхэм я дамыгъэхэр иратыжынущ фокIадэм и 1-м, Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщl **Егоровэ Татьянэ** къыщIэсалъэм къыхигъэщащ щыпсалъэм къыхигъэщащ узыншагъэр дгъэхэнэ зы цIыхуми бгъэдэль лъапIэныгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр, ар уимыIэмэ, щызу щыт гъащIэ насыпыфIэ зэрыпхуемыхьэкIынур.

- Дохутыр Iэщlагъэм и мыхьэнэр зэрыминыр, узыншагъэр зыхуэдэнур куэдкIэ медицинэ лэжьакIуэхэм зэрелъытар иужьрей илъэсхэм бгъэдэль лъапIэныгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр, ар уимыIэмэ, щызу щыт гъащIэ насыпыфIэ зэрыпхуемыхьэкIынур.

- Дохутыр Iэщlагъэм и мыхьэнэр зэрыминыр, узыншагъэр зыхуэдэнур куэдкIэ медицинэ лэжьакIуэхэм зэрелъытар иужьрей илъэсхэм бгъэдэль лъапIэныгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр, ар уимыIэмэ, щызу щыт гъащIэ насыпыфIэ зэрыпхуемыхьэкIынур.

Абы папщIэ фIыщIэ фхудощI икIи ди щхьэр фхудогъэщхь. ШIэн къытехьэкIым ди щIэныгъэр, Iэзэгъэр, фи псэм и хуабагъэр, гуапагъэр цIыхуэхэм щхьэпэ яхуэхъуу ди Iэнатlэр зэрефхьэкIым. Апхуэдэу псалъэ гуапэхэмкIэ захуэзгъэзэну сыхуейт а Iэщlагъэм ильэс бжыгъэ куэдкIэ ирилажьа, медицинэм и ветеранхэм. Фэ фи гуащIэшхуэ хэлъщ республикэм узыншагъэр хъумэныкIэ и Iэнатlэр зэрызэфIэувам, хэлъхьэныгъэшхуэ хуэфащIащ абы и зыужьныгъэм. А зэманым фIагъэшхуэ зиIэ технологиехэмрэ яхуэмIэ фимилами, нобэрей медицинэр иджы арынщэу уи нэгу къызэрыпхущIэмыгъэхьэ Iэмалыщlэхэм фрыпэIэщIэу щытами, фи щIэныгъэ куум, Iэщlагъэм фызэрыхуэпэжьым, сымаджэжьм яхуиIэ гупьыитэм и фIыгъэкIэ фэ Iэнатlэм сытым дежи ехьулIэныгъэфIэхэр щызыIэрывгъэхьэфырт. Абы и лъэныкъуэкIэ фэ щапхъэ фахуохьу фи ужь ит щIэблэм. Фи фIыщIэр инщ, щытхъур къыпхуэмылытынщ. Жэуапльмэ гъэшхуэ зыпльэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэщlагъэр къыхэзыха псоми сынывохъуэхьу цIыхуэхэм фаэзрыхуэупсэ фIыгъуэ нэхъыщхьэм - узыншагъэм - фыщIымыщIэу, фи къэкIуэнур дахэу, фи къалэн гугъур гъащIэ къыфIыщIэныщIын щыIэныгъэрэ дэрэжьгъуэрэ фиIэу, фи Iэнатlэм къыпкIуэ пщIэ нэхъ льагэ дыдэр, смаджэхэм я арэзыныгъэр, сытым щыгъуи къэвлэжьыфу, махуэ кьэс къывбгъэдэкI фIымрэ гуапагъэмрэ фыщIымыщIэу фи Iэнатlэр ефхьэкIыну.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщl **Мусуков Алий** жиIащ жылагъуэ узыншэм и лъабжьэр зыубзыхур медицинэ лэжьакIуэхэрауэ зэрыщытыр икIи сымаджэр зэфIэгъэувэжьын папщIэ зи къаруи зи зэмани емыблэжу зыпэрыт Iуэхур нэгъэсауэ зыгъэзащIэхэм фIыщIэрэ щытхъурэ зэрахуэфащэр. Ар медицинэм и лэжьакIуэхэм ехьуэхъуащ я лэжьыгъэм ехьулIэныгъэ щаIэну икIи къыжиIащащ абы хэм Iэнатlэм щаIэ зэфIэкI лъагэм щIыхьэм я узыншагъэр зэрелъытар.

(КIэуэр 2-нэ нап.)

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Лъэныкъуэ куэд къызэщIиубыдэнущ

Мэкъуауэгъуэм и 20-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КЪР-м и Парламентым зыхуигъэзэнущ

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм блэкIа пIалъэм ялэжьаэр къызэщIикъуэжынущ, адэкIэ КъБР-м зэрызрагъэужьыну Iэмалхэр игъэбелджылынущ. Гъэзэщlакlуэ Iэнатlэм къалэн щхьэхуэхэр хуигъэувынущ Урысеймрэ Президент Путин Владимир лъэпкъ Iуэхуэхэр зэфIэхыным теухуауэ къыхилъхьаэхэр и лъабжьэу. Экономикэм, ухуэныгъэм, псэукIэр егъэфIэкIуэным, хьэрычэт Iуэхур гъэкIуэтэным, узыншагъэм, егъэджэныгъэм, щIалэгъуалэм зэрадзлажьэм, къэрал, муниципальнэ Iуэхущlапlэхэм зегъэужьыным, республикэм и цIыхуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэным – абыхэми нэгъуэщIхэми щытепсэлъыхьынущ Зэрызыхуигъаззэм.

Гулъытэ лей хуищIынущ дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щезыхьэкIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуным.

КЪР-м и Iэтащхьэм щIыналъэм и Парламентым Зэрызыхуигъаззэр эфир занщIэу къагъэлъэгъуэнущ «Россия 24 КБР», «1 КБР» телеканалхэм, КIуэкIуэ Казбек ВКонтактем щIэ напэкIуэцIым, КЪР-м и Iэтащхьэм и администрацэм и телеграм-каналым, апхуэдэуи къатынущ Урысейм и радиомрэ (101.8 FM) Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиомрэ (99,5 FM).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэ округым дзэм езыджэ и комиссэм хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2024 гъэм гъатхэпэм и 25-м къыдигъэкIа Указ №17-УГ-мкIэ къащтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Налшык къалэ округым дзэм езыджэ и комиссэм хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «2024 гъэм и гъатхэм цIыхухэр дзэ къулыкъум еджэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ лэжьыпхъэхэм я Iуэхукlэ» 2024 гъэм гъатхэпэм и 25-м къыдигъэкIа Указ №17-УГ-мкIэ къащтам резерв гупым ехьэлIауэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн, абы Бицоев З.Э. - Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм Налшык къалэ округымкlэ и Управленэ №91-м полицэмкIэ и къудамэм полицэм и участковэ уполномоченнэхэмкIэ и отделым и унафэщIым и къудзэр хагъэхьауэ Хъуран Хь.М. къыхэгъэкIыжын.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м
№43-УГ

2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и гъатхэ сессиер щиухынум и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 41-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм илъ ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIи**:

1. 2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и гъатхэ сессиер щиухынымрэ махуэу 2024 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-р гъэувын.

Мы Унафэм къару егъуэт къыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м
№868-П-П

Ди къуэш республикэхэм

«МирАгроЭкспо» гъэлъэгъуэныгъэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и Абазэ районым мы гъэм бадзэуэгъуэм и 25 - 26-хэм щекIуэкIынущ «МирАгроЭкспо» гъэлъэгъуэныгъэр. Абы ди къэралым и щIыналъэ 50-м щыщ хьэрычэтыщIэ 2000-м щигъу хэтынущ. Зи гугъу тщIы зэхьхьэм утыку къыщрахьэнущ мэкъумэш Iэнатlэм къыщрахьэлIахэм зэрелэжь Iэмэпсымэхэр.**

«Абы къекIуэлIэнуэм Iэмал яIэнущ Iэнатlэм къыщагъэсэбэп технологие пэрытхэмрэ IэмэпсымэщIэхэмрэ щыгъуэзэ зыхуащIыну», - щIыжаIащ мэкъумэш хозяйствэмкIэ миинистерствэм. Апхуэдэуи мыбы щызэращIылIэнущ зэгурыIуэныгъэ зэмылIужьыгъуэхэр.

Санкт-Петербург щызэгуроIуэ

АДЫГЕЙ. **ПМЭФ-2024 зэхьхьэм Адыгэ Республикэмрэ Урысейм и Пощт АО-мрэ зэрызэдзэкIэжьынум теухуауэ щызэращIылIа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ АР-м и Iэтащхьэ Къумпыл Муратрэ компании и генеральнэ унафэщI Волков Михаилрэ.**

Республикэм и цIыхухэр пощт Iуэхутхьэбзэхэмкlэ нэхъыфIу къызэгъэпэщыным хуэгъэзащ ар. Псом хуэмыдэу абы мыхьэнэшхуэ иIэщ куэдрэ пхыдзахэм я дежкIэ.

Гулъытэшхуэ хуащIынущ компанием и щIыналъэ къудамэр Iуэхум кууэ хэзыщIыкI лэжьакIуэхэмкlэ къызэгъэпэщынми. Зэрахьилъа псори зэфIагъэкIынущ, Уф-м и Правительствэм и УнафэщIым и къудзэ Чернышенкэ Дмитрий пщэрылъ къащищIахэр ягъэзащIэкIэрэ.

ЩIалэгъуалэ Iуэхухэр

АБХЪАЗ. **Санкт-Петербург щекIуэкIа дунейпсо экономикэ зэхьхьэм щыIащ Абхъазым и лIыкIуэхэри. Тание Шарытхуа, Гвинджиияхэ Миранрэ Кирэрэ хэтащ щIалэгъуалэм папщIэ къызэрагъэпэща «Гъунапкъэхэр зэIухын: къэралхэм я хьэрычэтыщIэ ныбжьыщIэхэм я зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыныр» сессиес щхьэхуэм.**

Къызэхуэсахэм жаIащ щIалэгъуалэм я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэн и лъэныкъуэкIэ мы гъэм гъатхэпэм и 1 - 7-хэм къэрали 190-м я лIыкIуэ мин 20-м щIигъу хэту «Сириус» федеральнэ щIыналъэм щрагъэкIуэкIа дунейпсо фестивалым мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ езыхэм я къэралхэр зэрызэдзлажьэну Iуэху куэдым тепсэлъыхьащ. А зэпыщIэныгъэм лъэ быдэкIэ хьихащ Абхъазри. ЩIалэгъуалэ экономикэ форумым и къызэгъэпэщакIуэщ «Росконгресс» фондыр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэнэжар махуи 6-щ

2024 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр еух. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хьыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэздз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ Iуэхущlапlэмэ.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 897-рэ кIэпIейкIэ 96-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 814-рэ кIэпIейкIэ 26-рэ.

Ди индексыр П5894

(КІэухьр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Фіыгъуэ нэхъыщхьэм и хъумакІуэхэр ягъэлъапІэ

КЪР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и унафэщІ **Яськовэ Ольгэ** жиІащ цІыху ґъащІэр кьеґъэлыным, узыншагъэр зэфІэгъэувэжыным зи ґуащІэ хъзыІэпсэ Іэщіагъэлізэм псалъэ ґуапэ куэд зэрахуэфащэр, абыхэм яхуэгъэзауэ пшыхьым щыІуа дэтхэнэ псальэри яхуэфащэ дыдэу зэрыщытыр. Зи махуэр зыґъэльапІэхэм ар екъуэхъуащ зэлуэзэщІыгъэ яІзу, я Іуэхур ефІакІуэу адэкІи я Іэнатіэр ирахьэкІыну.

Яськовэ Ольгэ Урысей Федерацэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и комитет нэхъыщхьэм кьыбґъэдэкІыу КЪР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр **Къалэбатэ Рустам** иритыжащ «Лучший социальный партнер» бґъэхэІу дамыґъэмрэ фІыщІэ тхылъымрэ.

Къалэбатэ Рустам къыщыпсальэм кьыхиґъэщащ илъэс блэкІар тыншу щымытами, Іэнатіэм екъуІэныґъэ хъарэзынэхэр зэрыщыщыІэрагъэхьар икІи гуп зэкъуэтым я лэжьыґъэм и фІыґъэкІэ цІыху мин бжыґъэжэм я узыншагъэр зэрыхэзґъэуэзжар, абыхэм я дэІэпыкъуныґъэкІэ сабий мин бжыґъэ дунейм кьызэрытехьар.

- Нобэ Іэнатіэр йофІакІуэ, - жиІащ министрым, - Урысейм и Президент Путин Владимир и жэрдэмкІэ кьохьалъхьа льэпкъ проектхэр ди республикэм и Іэтащхьэм и дэІэпыкъуныґъэкІэ щыналъэм хъарэзынэу щагъэзащІэ. Ди унэтІыныґъэмкІэ щыІэ проектхэм хъарэзынэу дызэрехьлІэм и щыхьэтщ а Іуэхуэмкіэ къэралым щыпэрэт щІынальэхэм ящыщу дыкъэзэрэльытар. А проектхэм япкъ иткІэ республикэм и амбулаторэ, поликлиникэ куэд здґъэпэщыжащ, медицинэ Іуэхуцлапіэхэр зыхуэныкьуэ ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэдґъэпэщащ. А псори кьыщыдэхьлІэр ди Іэщіагъэлізэр жэуапльныґъэ зэрахэлъырщ. Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм щылажэ ґупыр зы унагъуэшхуэм хуэдэу зэхэтщ. Зыпэрыт Іуэхум, щылажьэ щыпІэм елъытакъым абыхэм я зэфІэкІыр, псоми я къарур зыхуэунэтІар зы кьаІэнщ - цІыхухэм я узыншагъэр хъумэнырщ. Гуп зэкъуэтырщ зыхуэзфІэкІынрэ нобэ республикэм медицинэмкІэ зыІэригъэхьа екъулІэныґъэхэр. Іэщіагъэм кьыфхуигъэув кьаІэн гуґыр нэґъэсауэ зэрырґъэзащІэм папщІэ фІыщІэ фхузощІ, узыншагъэ, мамырыґъэ, фІыґъэу, зэІуэзэпэщыґъэ фиІэну си гуапэщ.

Министрым фІыщІэ яхуищІащ кьрахьэжьэ сыт хуэдэ Іуэхуэхэри къадзэзыІыґъ республикэ унафэщІхэм икІи жиІащ илъэс къэс Медицинэм и лэжьакІуэм и махуэр щагъэзыльапІэ пшыхьым зыкърагъэхьэлІэу Іэщіагъэлізэр зэрагъэпажэм, псалъэ ґуапэхэмкІэ зэрызэкьыхуагъаззм абыхэм я пщІэр кьызэриІэтыр.

Іэнатіэм зэфІэкІ хъарзынэхэр кьыщызыґъэльапІэуґъэ лэжьакІуэхэм иратащ КЪР-м и Парламентым, Правительствэм, Узыншагъэр хъумэнымкІэ министерствэм я щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр.

КъищынэмащІауэ, пшыхьым щагъэпэжащ медицинэм и лэжьакІуэхэм я республикэ спартакиадэм щытекІуахэр. Япэ увыпІэр кьахьащ Психиатриемрэ наркологиемкІэ республикэ клиникэ центрым, Жьэн узыкфэм щІэзэ диспансэрым, Перинатальнэ центрым, Суд-медицинэ экспертизэмкІэ бюром, Сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфІэкІуэж центрым и лэжьакІуэхэр зыхэт «Триумф»-р, етІуанэр яубыдащ Бахьсэн, Зеикъуэ район сымаджэщхэм, Бахьсэн кьалэ дэт стоматологие поликлиникэм и лыкІуэхэм кьызэрагъэпэща «Бахьсэн Аузым», ещанэ хъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэхъукъащІэ кьызэрымыкІуэхэм хэхуэхэм защІэхэлъымырэ медицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэмкІэ и центрым, Налшык кьалэ дэт поликлиникэ №№91-м, 2-м, 3-м, Гериатрие центрым и Іэщіагъэлізэм кьызэрагъэпэща «Черные волки» ґупыр.

Пшыхьыр ягъэдахащ КЪР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и «36,6» хорым, уэрэджыІакІуэ, кьэфакІуэ ансамбль цІэрыІуэхэм.

ЩХЬэщэмыщІ Иэз.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** трихащ.

Сэбаншы Розэ Къаншумэс и пхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым хэщІыныґъэшхуэ иґъэтащ. И ныбжьыр илъэс 94-м иту дунейм ехьжащ политикэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Сэбаншы Розэ Къаншумэс и пхъур.

Розэ Къаншумэс и пхъур 1930 гъэм шыщхьэуІум и 10-м Тэрч районым хьихь Мэрпазэ станцым кьыщалъхуащ. Лажьыґъэ Іэнатіэм КЪР-м и МВД-м и аппаратым щыпэрыхьауэ щытащ 1949 гъэм. И ужькІэ къулыкъу зэмылІэужьыґъуэхэм пэрытащ, комсомол зэгухьэныґъэхэм хэтащ, апхуэдэущ ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару щытащ. 1963 гъэм щеґъэжьауэ 1986 гъэ пщІондэ лэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюзхэм я общэ советым и Іэтащхьэу. А гъэхэм абы и унафэ щІэту, облсовпрофым и нэІэ зытет, курортымрэ туризмэмрэ епха ухуэныґъэ куэд ящІащ. Пенсэ ныбжьым нэса ноужь, илъэс 13-кІэ «Горянка» республикэ газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ.

Сыт хуэдэ Іэнатіэ кьыхуаґъэгъуаеми, Розэ жэуапльныґъэ ин хэлъу ягъэзэмылІэужьыґъуэхэм пэрытащ, комсомол зэгухьэныґъэхэм хэтащ, апхуэдэущ ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару щытащ. 1963 гъэм щеґъэжьауэ 1986 гъэ пщІондэ лэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюзхэм я общэ советым и Іэтащхьэу. А гъэхэм абы и унафэ щІэту, облсовпрофым и нэІэ зытет, курортымрэ туризмэмрэ епха ухуэныґъэ куэд ящІащ. Пенсэ ныбжьым нэса ноужь, илъэс 13-кІэ «Горянка» республикэ газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ.

Сыт хуэдэ Іэнатіэ кьыхуаґъэгъуаеми, Розэ жэуапльныґъэ ин хэлъу ягъэзэрыгъэхьэ.

КІуэкІуэ К. В., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. Т., Васильченкэ Д. А., Къуэдзокъуэ М. М., Абдулаев М. К., Аттаев Ж. Ж., Амщокъуэ Ф. К., Ахъуэхъу Т. Б., Бакъ Ф. О., Берд Хь. А., Геккиев З. Д., Джэш Ф. А., Говоров С. А., Губин Г. С., Жанатаев С. А., Жыджэг А. А., Залиханов М. Ч., Зумакулов Б. М., Къаныкьуэ З. С., Къардэн М. Н., Къасхъул А. Ф., Къуэшрокьуэ З. Хь., Къумахуэ М. Л., Къуныжь М. А., Кіуращын А. В., Маслов Н. А., Нэхущ З. А., Уэтэр Р. А., Пэнагуэ З. А., Сарбашевэ С. М., Сэхэуґрокъуэ Хь. Хь., Тау П. КІ., Тату Къ. Б., Ульбашев М. М., Унагаевэ А. М., Федченкэ Л. М., Хъэщхъуэжь А. Б., Хъуґбий М. Б., Хъущт А. А., Шурдым Ю. Хь.

1924 «Адыгэ псалъэ» 2024

«Ленин гъуэгум» и цІыху бэлыхьхэр ІэфІу сигу илъщ

Лэжьыґъэ гуэр и гуґъу щытщІым и дежьи хьІэ ди хабзэщ фІыуэ плъаґъу Іэнатіэ упэрытын нэхърэ нэхъ гуґъэзагъэ зэрыщымыІэр. Абы гукъыдэжри кьыдоКІуэ, пхузэфІэмыкІын щымыІэ кьыпщыхъуу уи кьарур уи фІэщ ещІ, апхуэдэу уэзыхущыт Іуэхури кьыбдохъу. Ар зы-ґъэунэхуахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и журналист, тхыдэ щІэныґъэхэмкІэ кандидат, КЪР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Урысейм и ТхакІуэхэмэ и Журналистхэмэ я союзхэм хэт, тхылъ пщыкІущ зи кьалэмыпэм кьыщІэкІа Къудей Владимир. Илъэс зыбжанэкІэ ди газетым щылэжьа Владимир и гукъэкІыжщ ди гуапэу щІэджыкІакІуэхэм фи пащхьэ нитлъхьэр.

- СЭ «Ленин гъуэгу» (иджыпсту «Адыгэ псалъэ») газетым илъэсиххІэ сыщылэжьащ - 1980 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1986 гъэм и бжьыхьэ пщІондэ. А зэманым улэжьэну гуэхэхуэт, газетхэм щыщ куэд еджэрт, тІухьхэм мыхьэнэ яІэт, пщІэ кьытхуащІырт. СызэрыщыкІуэр тхэным сыдиухьэхырт, ди университетым и адыґэбзэ къудамэр къэзуахати, журналистхъэзыру зыкъэслъытэжырт, - жеІэ Владимир. - Аршъэкіэ сызыхэуа ґупыр апхуэдизкІэ адыґэбзэм хуэІэзэт, ґаащІэм и лъэныкъуэ розым фІыуэ хащІыкІырти, сигурэ си щхьэрэ зэбґъэжат. Ґубзыґъагъэрэ дэрэжэґуэ дахэрэ зыхэлъ цІыху къомыр кьыщыщсІыхуам, абыхэм зэи садэмыхъуну, сащІэмыхьэну кьысщыхъуртти, илъэс куэдкІэ сызыщІэхъуэпса Іэнатіэм сыІукІыжмэ нэхъ тэмэму къэслъытэт. СыІукІыжыну кьыщІэкІынт редакцэм щылажьэхэм яхэль цІыхуґъэкІэ, хабзэ дахэкІэ, чэнджащ щхьэпэжмкІэ сыньдамыхьэхамэ. Редакцэм лэжьаІэ сыкъызэращтэу ныбжьыґъэу пэж кьысхуэхъуат Уэрдокъуэ Женя, иужьыІуэкІэ Къэмбэчокъуэ Іэдэм. Абыхэм си гурыщхъэхэр, мурадхэр щахуэсІуатэм кьысхуаґъэдэхакъым. Сэри мурад сщІащ нэхъыфІхэм сащІэмыхьауэ сымыуфІну.

Сэ гуґъу сезыґъэхьыр зыт: редакцэм сыбуэн игэкІэ сызыщылажьа Іэнатіэм Іуэхур зэрыщызэрахьэр урысыбзэти, сесауэ урысыбзэкІэ сыґупсысэрт, псалъэ куэди абы щыщу тхыґъэм щысІэщІэкІырт. А хьэл мыґуэр игъащІэкІэ зыхэзмыхьэфыну си гуґъати, сызыдэлажьэхэм садэпІьефІм, абыхэм жаІэр зыхэслъхьэурэ лэжьыґъэми хьарзынэу сыхэґъэзауэ щытащ. Уэзмыґъуэзэнэр Іэмалынішэт: редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэхэу ттхахэм кьеджэж Мырзэкъан Суфьян, Сабаншы Мэстафэ, жэуап зыхь секретарь Анджэ Назир сымэ уи тхыґъэр мыхъуныщІэмэ пхуґъэзґъуну е езыхэм зэрагъэпэщыжыну ущыґъуґъу къунтэрэ. «Кіуэрэкьым!» жиІэу кьытратрэхти, тхыґъэр кьыпхуадзыжырт. «ШхуэкІэ даукІыурэ лІы къытхащІыкІащ», - жиІэрт зыґуэрым. Абы ещхьу, редакцэм щылажьэ куэдым я фІыщІэ хэлъщ сэри нэґъуащІ зыкъоми лІыпІэ тэмэму дызэриувам.

Абы фІэкІа лэжьыґъэм и Іуэху зеэхуэнукъым, атІэ нэхъыбэу и гуґъу сщІыну сыхуейщ а зэманым «Ленин гъуэгум» щызекІуэу щыта адыґаґъэмрэ цІыхуґъэмрэ. КьыщыщІэздзэнэри щыхьбзхэм я дежщ. Абыхэм я нэхъыбґэр зэрылажьэр корректор е машинисткэ Іэщіагъэрт, письмохэмкІэ къудамэм щІэс Думай Мирэрэ редакторым и секретарь Уэрдокъуэ Жеиянрэ нэмыщІ. Аxэр зыщІэс пэшым ущыщІыхьэкІэ къэмытэджу, кьыщыщмыґуфІыкІыну, кьыщыщімыутщІу зэи кьэхъуртэкъым. Зыпэрыт Іуэхур зрагъэтІылъэкІырти, узыщІэущІэм и жэуап гупсэхуу кьуатырт. Псом нэхърэ нэхъыжьу КІуэкІуэ Кьэрэжан кьытхэтІти, гумащІагъ и лъэныкъуэкІэ хэти щапхъэ хуэхъуфынут, ар псоми фІыуэ тлъагурт. Хабзэшхуэ яхэлът зи гуґъу сщІахэу Мирэрэ Женярэ, машинисткэ Хьэх Галя, корректорхэу Тэш Аня, Кьардэн Женя, Сокъур Тамарэ, Афэ Тамарэ, секретариатым екІуу куэдрэ щылэжьа Жьэкіэмыхьэу Маринэрэ Гурыжь Мадинэрэ.

Редакцэм сыщылуварт сэ Теувэжькъуэ Анатолэ зыщІэс пэшым сыщІагъэтІысхэт. Ар дуней тетыкІэ дахэ, щІэныґъэ куу зиІэ щІыху екІут, лэжьакІуэшхуэт, интеллигент нэст икІи куэдкІэ щапхъэ схуэхъуащ. Толэ фІыуэ ильаґъуртэкъым зи кьалэныр тэмэму зымыґъэзащІэхэр, фадэм дихьэхэр, пцІы зыупсхэр. Адрейхэр и Іэгум ису кърихьэкІынт. Абы и лэжьэкІэм сэ набдзэґубдзаплъэу сыкІэлъыплъырт. Пщэдджыжьым Толэ кьыщысам унэм щызэхихьауэ и хьэзырт махуэм илэжьынур икІи уафэр кьещэщхами а планым пхутекІынутэкъым. Іэмалынщэу текІон хуей хьуми, пщыхьэщхьэм е жэщым лэжьэжьнут, кьэлан зыхуиґъэувыжам нэсын щхьэкІэ. Ар зыпэрытыр хьыбарегъащІэ Іэнатіэрати, и тхыґъэ кІэщІхэр щІэщыґъуэт, гъащІэгъуэнт. Ахэр телефонкІэ зэхуихьэсу арати, ещ имыщІэу телефоныр игъэзэрахъуэрт, зыхуейр кьыІэрымыхьауи увыІэртэкъым. Абы зыкІэ бзэ Іэфі Іурылт, зыкІэ дахэу псалъэрти, хъыбару ящІэу хъуар кьыхуаІуэтэну хъэзырт.

Илъэс зыбжанэкІэ сыщылэжьащ мэкъумэш къудамэм. Абы и унафэщІ Бекъан Чыланий лэжьакІуэшхуэт, адыґэбзэм уэзшэрыуэ дыдэти, ди редакцэми, журналхэми, радиоми щІэстэкъым Чыланий и чэнджащ къэзымыІыхьуэ. Абдежым щІэсащ ди нэхъыжьхэм ящыщ Хьэжькъарэ Піалэ. Ар псэ кьабзэт, хьэрэмыґъэнэт, цІыхуґъэшхуэ зыхэлът. А къудамэм абы щыґъуэ щылажьэрт адыґэлІ нэс Бекъуэ Токъан, иужькІэ редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ящІар. ЖыпІэнурамэ, зыр адрейм дыдэпэкьыжу апхуэдэт, чэнджащ щхьэпэ кьуатыну нэхъыхьэр сытым дежи хьэзырт. ТІалэ пенсэм кІуа иужьи дызэкІэлъыкІуащ, абы и Іэкіэ ищІауэ шэнт щхьэґуэ цІыкІу кьыхсухэнауэ, и фэеплъу гуэщым щІэзґъэтщ.

Уэытепсэлъыхь хуэн куэд щылэжьащ абы щыґуэмэ редакцэм. ЦІыхуфІт, хабзэ яхэлът Емыш Хьэдис, Багъэтэкіэ Аркадий, Шьбэсыхьуэ Мухьэдин, Щхьэумэжь БетІал, Хьэх Сэфэрбий, Щоджэнщ ыкІу Нурий, Тэнащ Анатолэ, Щал Мухьэмэд, Тымыжь Хьэмыщэ, Уэрэзей Афлик, сурэттехэху Колесников Иван, Щомахуэ Владимир сымэ. Редактор бэлыхьу, уи гуныкъуэґъуи уи гукъыдэжи епхьэнІэ, уечэнджэщ къуэрэ редактор нэхъыщхьэу диІащ Мэзыхэз Борис. Абырэ сэрэ фІыуэ дыдэрыльтаґъуэу щытащ, иужь илъэсхэм ерыскъы куэди зддэтшхащ.

ЩхьэхуэУ и гуґъу сымыщІу сухуэзнынукъым къудамэм и унафэщІу щыта Шырыт Султіан. Абы хуэдэу адыґагъэ зезыхьэ, адыґэбзэм и кьабзаґъэм щхьэкІэ гуузлъыз зиІэ зэи срихьэлІакъым. Ар нэхъ щІалэхэм гущафэу кьыхтущытт, ди щыуґъэхэр диґъэльаґъужырт, диущийрт.

Иужьу редакцэм сыщыщыІа илъэс зытІум Джэлэс Таужид и къудамэм корреспондент нэхъыжьу сыщылэжьати, а зэманыр Іэфіу сигу кьинэжащ. Ар цІыху тыншт, лейуэ зыми зытригъэхьэлъэртэкъым, тэмэму зыґуэр блэжьамэ фІыщІэ ищІт. Ипэкіи иужькіи апхуэдэу унафэщІ тынш сэ зэи сиІакъым.

Газетым ґъуэґуанэ кІыхь икІи дахэ кьызэґъаринэкІащ. Адыґэхэм дэ нобэ диІэщ тхыдэ ґъуэзэджэкІэ гъэнщІа «Адыґэ псалъэ». Сэ срогушхуэ а тхыдэм и зы кІапэ зэрызубдам икІи гъэтхэм щылажьэу щыта цІыху бэлыхьхэм я жьаум сыщІэтыну кьызэрэсхиухар Іэфіу сигу илъщ. Нобэ редакцэм щолажьэ зэманым декІу, щІэныґъэкІэ куэдым ефІакІ гуп. Абыхэм газетыр купщафІэу, гурыхьу кьыдагъэкІри, «Адыґэ псалъэр» илъэси 100 зэрырикъумкІэ сэри сынывохуэхьу, дяпэкІи дефІэкІуэну си гуапэщ!

Зыґъэхьэзырар **ИСТЭПАН Залинэщ**.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗыужьныґъэщІэхэр я плъапІэу

Якутием ІТ Іэнатіэм щиІэ екъулІэныґъэхэр утыку къыщрахьа ґъэльэґъуныґъэм УФ-м и Президент Путин Владимир щыжиІащ Донбассымрэ Новороссиемрэ ди къэралым и тхьдэ щыІнальэу зэрыщытыр икІи Урысейм и гуапэу а щыІпІэхэм зыужьныґъэшхуэхэр зэрыщиґъэкІуэкІынур, технологиещІэхэм я Іэмалхэр нэсу абыхэм кьыщагъэсэбэпу лэжьыґъэр зэтеублэнми гулъытэ хэха зэрыхуащІынур.

ДОНЕЦК ЦІыхубэ Республикэм хьихь Кировскэ кьалэр Якутием и нэІэ щІэтщ, ар зэфІагъэувэжьынымкІэ теухуа хэкІыпІэхэри яубыхуащ, Іуэхур нэґъэсауэ зэрыґъэкІуэкІынымкІэ сыт щІэныґъэ зэрыщІэтыр.

«ІТ Іэнатіэм кьызэщІиубыдэ унэтІныґъэ псоми кьэралым и дэтхэнэ зы хэґъэґуми дежьІэ щхьэпэгъэшхуэ иІэщ, кьэралым и щІынальэщІэкІэм абы жьыдэру зыщґъэжьыпхъщ, - жиІащ Путин Владимир. - Кьэралым и зэІуэзэпэщ псэукІэм хэлъхьэныґъэфІэкІэ зэрыхуэхэщІын щытыкІэхэр кьыхфхуэзґъэпэщыну Іэмал зэрыдиІэм, кьефхьжьэ Іуэхуэр ядэтІысыфІыну дьэзэрыщытым дэри гуґъуэныґъэ кьытхелъхьэ».

Я гуґъэр къеэхъулІэнукъым

Сербием и президент Вучич Александр кьелъытэ дунейпсо зэныкъуэкъур кьызэщІэплъэным кьэнэжа щымыІэу икІи абыкІэ кьуанщагъэр дэтхэнэми зырызыщхьэщхьыным иужь имыту, мамырыґъэм теухуа зэпсэльэныґъэхэр ещхькІэу.

«УКРАИНЭМ щекІуэкІ щытыкІэм и лъэныкъуэкІи хуэщІащ.

«ІТ Іэнатіэм кьызэщІиубыдэ унэтІныґъэ псоми кьэралым и дэтхэнэ зы хэґъэґуми дежьІэ щхьэпэгъэшхуэ иІэщ, кьэралым и щІынальэщІэкІэм абы жьыдэру зыщґъэжьыпхъщ, - жиІащ Путин Владимир. - Кьэралым и зэІуэзэпэщ псэукІэм хэлъхьэныґъэфІэкІэ зэрыхуэхэщІын щытыкІэхэр кьыхфхуэзґъэпэщыну Іэмал зэрыдиІэм, кьефхьжьэ Іуэхуэр ядэтІысыфІыну дэри гуґъуэныґъэ кьытхелъхьэ».

Зэпсэльэныґъэхэм зэрыщІэтыр зыщІэсыжьа ящыщу Мамырыґъэм и Іуэхуэ зэрыщІэтыр

Анэдэлъхубзэр ягъэшэрыцэ

Етіуанэ дунейпсо зауэм цыху цыкіум я нэгу щіигъэкіа гуэвэгъуэм хуэдэ нэхъапэкіэ къэмыхъуам ярейт. Къыхъуэкіа бийр зыхущіэкъур щіынапэхэм я хъугъуэфіыгъуэхэр зыІэригъэхьэным и закъуэтэкъым, атіэ лъэпкъхэр зэтриукІэн гуращэ бзаджэр зэрихьэрт, кьанэІамэ ар кьыззригъэІуэрыщіэн, лъэгуащіыхь зэрихьэщіын Іэмалхэр зэпигъэуэрт. Ауэ зи щыгу кІапэр зыхъумэж цыхубэр сыт щыгъуи захуэщ – захуагъэр гуВэми-щіэхми ищіыіу мэхъу, и пІэ йоувэж.

● Щіэныгъэ

КЪЭРАЛЫШХУЭМ зауэм къыхуихьа бэлыхьлажьэхэр зыльэмыІэса лъэпкъ щыІэкъым. Адыгэхэм хуэдэ лъэпкъ мащІэхэм удныншхуэ ярихащ, хэщІныгъэшхуэ ярихащ. Сыт хуэдиз щІалэ унагъуэ щыгъуэ имыхуэу зи щхьэр зауае мафІэсым хезыгъэпхьаф, сыт хуэдиз цыхубз насыпыншэ ищІу лэгъунэ нэщІым нэпс гуащІэр щІигъэкІыу къыщІинар?! А псор къыпхуэмыльытэным хуэдизу гуаузэ, лъэщІагъэхущ, пщыгъупщэнкІи Іэмал иІэкъым.

«Хэку зауэшхуэр ди лъэпкъ гъащІэм» – арат зэреджэр иджыблагъэ Бэрбэч Хьэтлгъ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекІуэкІа зэпеуэм. Абы хэтащ курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ ІапІэхэм я 5 - 11-нэ классхэм щеджэжэр. Зэхьэзэхуэм къыхьихьахэм къэпщытакІуэхэм я деж зауэрэ блэкІар я унагъуэм ЗэрыльІэсхэм теухуа хьибар е гупсысэ зэгъэуІуа къагъэхьын хуейт. Ар ІэмалышІэу псэлъэкІэ хэІэтыкІар къызыхэщ хъэтІым тету тхын, гупсысэр нахуэу, ауэ зэгъэкІуауэ зэкІэлъкІуэн хуейт.

КъызэрэпэщакІуэхэм зэхьэзэхуэр адыгэбзэрэ балъкъэрбзэкІэщ зэрырагъэкІуэкІар. Ар икІи захуагъэу къыщІэкІынуц. 1941 - 1945 гъэхэр зи нэгу щІэкІа нэхъыжьыфІхэм я гукъэкІыжхэр Іуэрыіуатбзэм нэхъ пэблагъэщ, ахэр тхыжауэ щыІэхьи, ззэзмызз ягу къыдридзейуэ щыжаІэжьым дежи, зэи зыщІыпІи ущримыхьэлІэжьым жьІэгъуэхэр къыщыхэхуэр нэхъыбэщ. Абы и Іуэхущ уеплъмэ, гъащІэ щІигъэкІыу къыщІинар?! А псор къыпхуэмыльытэным хуэдизу сабийхэм я тхыгъэхэм къыззрыхэщ щыкІэхэм укІэпхыплъынкІыр. Ар зы лъэныкъуэкІэ. НэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ укъелтымэ, адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ ди щыІэныгъэм щызэкІуэ къэралыбзэщ. Іэпкъыбзэм щІалэгъуалэр зэрыхуэІэижьыр, я гупсысэр нэсу къызэраІуатэр зэхэгъэкІыным къэпщытакІуэм я деж зауэрэ блэкІар я унагъуэм ЗэрыльІэсхэм теухуа хьибар е гупсысэ зэгъэуІуа къагъэхьын хуейт. Ар ІэмалышІэу псэлъэкІэ хэІэтыкІар къызыхэщ хъэтІым тету тхын, гупсысэр нахуэу, ауэ зэгъэкІуауэ зэкІэлъкІуэн хуейт.

КъызэрэпэщакІуэхэм зэхьэзэхуэр адыгэбзэрэ балъкъэрбзэкІэщ зэрырагъэкІуэкІар. Ар икІи захуагъэу къыщІэкІынуц. 1941 - 1945 гъэхэр зи нэгу щІэкІа нэхъыжьыфІхэм я гукъэкІыжхэр Іуэрыіуатбзэм нэхъ

Ди щыхьэрым и гъэтІылъыгъэхэр

Иужьрей илъэсхэм гулъытэ хэха хуащІ хъуащ Урысейм и кІалэхэм къадекІуэкІа теплъэ щхьэхуэхэр хъумэным. Абы теуХуа пэхуэщІэхэри ягъэзащІэ икІи ахэр зыхуэунэтІар архитектурэ тхыдэм и закъуэкъым, атІэ къыгуэхыпІэ имыІэу щІыгъуэ щІыуэпс гъэпскІэри. Иужьрейм екъэлІауэ ди республикэр къэштэнщи, ди кІалэхэмрэ жылэхэмрэ къадекІуэкІ удэзыхьэх, гум къехуэбылІэ Іэдж. Абыхэм я нэхъыбэр къыщыунэхуар нобэкъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым и теплъэр сыт адрей ди гъунэгъу кІалэхэм къэзэрыщхьэщыкІыр щхьэщІэщ, нэпэу ди нэгу къыщІыхьэр тхыдэ зиІэ унэхэмрэ утыкушхуэхэмрэ къагуохутэ, сыт хуэдэ ухуэныгъэхэр кІалэ кІуэщІым лъэхъэнэ-лъэхъэнэкІэ щрагъэкІуэкІами, зыри зэран хуамыигъэхьуу щахъумэфа жыг зэмылІэужьыгъуэхэр. Псом нэхьрэ нэхъ гъэщІагъэныу апхуэдэ «ландшафтым» увыпІэ лъагэ щаубыд пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм.

Налшык хуэдэу иджырей экзотикэ щхъуантІагъэхэр, щІыпІэ жыжьэхэм къраша гъэгъахэр, блэкІа зэман жыжьэм и щІэину къэна пасэрей къуэжьейхэр, мыІэрысейхэр, уеблэмэ къыпцІей лІэужьыгъуэ кІуэдыжэр дахащІу щыІэхагъэззгъэ къэгъуэгурыкІуэ. Губгъуэ удз гъэгъа Іэрамэм хуэдэ къабзэу, абыхэми ди пхъэщхьэмыщхьэ кІуэдыжхэм я генофондымкІэ мыхьэнэ ин яІэщ. Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам нэхъыщхьэм, кІалэкум къыщыщІэдзауэ кІалэкІэ дыдэм нэсыху, пасэрей пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм я кІуэйкІэ уеджа хъуну, кхъужьей, мыІэрысей защІэу йоКІуэкІ. ЗэрыфщІэщи, къэралыр лъэпхъэну, псы щІэгъэпъэдэкІэ ягъэкІ жыггэр къежьэху ахэр унагъуэ къэс яІэу щытащ. Жыггэм я щхьэкІэхэри, я лъабжьэхэри зэхуэдэу инт. Жыг зыбжанэ хадэм итмэ, гъэм и кІыхьагъкІэ ар яхуикІуу. Ахэр зэгуэр щІыхьм къыгъэщІэжьыныр нобэ фІэщыщІгъуейщ, а къэнэжа мащІэр Іэмал зэриІэкІэ зыхъумэхэм я гурыІуэм зыдэгъэшыпхъэу.

Нарткъали жыгхэр щыкуэду къекІуэкІащ, ауэ абы нэхъыбэу узыщІихьэлІэр балий, къыпщІэ кІыхь жыгхэрт. Хэт ищІэрэ, ари зы лъэныкъуэкІэ екъэлІауэ щытагъэнщ а кІалэм спирт, консерв заводхэр зэрыдэтым. ПІум щыгъуэми, кІалэм щыпсэу унагъуэ къэс я кушбжэпэм а жыг лІэужьыгъуэхэм языхэзыр щыкІырт. Абы лъандзэр зэманыфІ дэкІащ, арщхьакІэ нобэр къыщІэсым а теплъэм зихъуэжакъым. Краснэ, Борыкъуейм я цІэр зезыхьэ уэрамкэр балией, пхъэгулъей гъэгъахэм къахэмыщу зэрыщІауфэр плъагъуныр гухэхъуэгъуэщ.

Прохладнэ, Май кІалэхэм я щІыуэпс теплъэм щытепщэр кушбжэпэхэм щІэжей жьзуумейхэрщ. ИтІанэ, щІыпІэ-щІыпІэхэм щІыпІьагъуныщ нобэ нэхъ мащІэ хъуа кІарцейкІэр, щихуэхэр, шэрт ЖыгІхэр. Псом ящхьэрацІи, псыщІэгъэпъэдэкІэ ягъэкІ жыгхэр куэд хъуа пэтми, ди щыІанІьхэм жылакІэр ягъэкІуэдыркъым. Хэт ищІэрэ, зэман дэкІмэ, кьыдэкІуэтей щІэбІэм къахэкІынкІэ хъунщ а блэкІам и ІэфІым гулъытэ лей езытыжу, абыхэм я къэгъэщІэрэщІэхэ

● Кинофестиваль

Хабзэ дахэм пащэ

Музыкэ къэрал театрым мэкъуауэгъуэм и 17-м къыщыдэлуахащ «Къэбэрдей-Балъкъэр-2024» кинофестивалыр. Ар УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ КЪБР-м и Правительствэмрэ я дэлэныкъуэгъуу ирагъэкlуэкl. Зэхъыбэм хэгъэрейхэм ящыщу хэтащ республикэм и режиссёр, актёр, уэрэджыlакlуэ цlэрыlуэхэр, журналистхэр.

УРЫСЕЙМ кинематографие щlэныгъэхэмрэ гъуэдзджэхэмкlэ и академием и академик, КЪБР-м гъуэджэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, урысейпсо, лъэпкъыбзэ кинофестивалхэм я къызэгъэпэщакlуэ икlи я президент **Новожилов Сергей** зэхъыбэ гуапэм зыхъурезыгъэхьэлlахэм фlэхъус ярихащ икlи мы махуэхэм екlуэкlыну кинофестивалым хэтыну иригъэблагъащ. Зэхуэсахэм абы иригъэщlыхуащ урыс, хамэ къэрал артистхэр, ирагъэблагъа хьэщlэхэр.

Апэрыгъу гупльыжьым lэгуауэщхуэм щlэту иririкlуащ театрымрэ и киномрэ я актёр цlэрыlуэхэр, УФ-м и цlыхуб, щlыхь зиlэ артистхэр. Ди республикэм и хьэщlэщ Назаров Юрий, Костинэ Еленэ, Нечитайлэ Полинэ, Колосов Максим, Беляев Станислав, Ливанов Аристарх, Судец Татьянэ, Чернецкий Руслан, Красько Ольгэ, Крайновэ Янэ, Капустин Вадим, Передзе Георгий, Латушка Иван, Алексеев Артём, Бутенкэ Владимир, Запорожский Кирилл, Зацепин Антон, Меспорян Андраник сымэ, нэгъэущlэхэри.

КЪБР-м и министр Къумахуэ Мухьэдин кинофестивалым хэтхэм фlэхъус гуапэ ярихащ икlи жиlащ, хабзэ дахэ хьуауэ, фильмхэм зэгъусэу щепlыну, Урысейм, нэгъэущl къэралхэм я артистхэр щызрагъэщlыхуну пlалъэр аргуэру къызэрысар. Министрым фестивалыр къызэзыгъэпэщахэм ехъуэхъуащ я лэжьыгъэр къехъулlэну, абы епlыныхэм загъэпсэхуну.

- Кинофестивалым зыкърезыгъэхьалlахэмкlи, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэми, Урысейм и щlыпlэхэм кьиклахэми сыныбохьэхъуэ насып, гуапагъэ, екъулlэныгъэ фиlэну! - жиlащ Къумахуэ Мухьэдин. - Фестивалым художественнэ фильмхэм къадэкlуэу, концертхэр, пшыхьэр, актёр lэзагъэмкlэ мастерклассхэр къыщызэрагъэпэщынущ.

Фестивалым иращlэкlа концертым усэхэм къыщеджащ, уэрэдхэр жаlащ, лъэпкъ къафэхэр ягъэзэщlащ. Зэраубзыхуам тету, мы махуэхэм «Форум», «Кругозор» кинотеатрхэм щагъэлъэгъуэнущ Куржым, Испаниемрэ, Къыргызыстан, Сербием, Тыркум, Урысейм щытраха фильмхэр. Зэхуэсхэм хэтынухэмрэ абыхэм зыкърезыгъэхьалlэнухэмрэ Iэмал яlэщ урыс, дунейпсо кинофестивалхэм щагъэлъэгъуа, саугъэт нэхъыщхьэхэр зыхуагъэфэща фильмхэм епlыну. Киногъуазджэр фlыуэ зыlыгъуэхэм Iэмалыфl яlэщ кинотеатрхэм иджыри щамыгъэлъэгъуа кино нэхъыфlхэм щепlыну. Кинофестивалыр мэкъуауэгъуэм и 21-рэ пщlондэ екlуэкlынущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Мы щlыналъэм ущыщмэ

● Тхыльыщlэ

Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхыльэ тедзапlэр щыныэсымрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ фlыуэ зыльгъагъуэр зыщыгфыкlыкlын тыгъэкlэ къегуэпащ. Дунейм иджыблагъэ къытехьащ «Щlэныгъэ къэзыт Къэбэрдей-Балъкъэр» («Познавательная Кабардино-Балкария») зи фlэщыгъэ тхыльэ фафlэшхуэр. Кавказым и налкъуту къалъытэ ди щlыналъэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым - и тхыдэм лъэужь дахэ къыхэзына цlыхуэхм я хъыбархэр къыщыкlуэ, «Лъахэ гупсэ» («Родной ландшафт») фlэщыгъэ дахэр зиlэ лlэужьыгъуэм и 10-нэ тхыльэ мы къыдэкlыгъуэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ литературэмкlэ и Къэрал сауГъэтыр зыхуагъэфэща Котляровхэ Викторрэ Мариерэ а зэуужьым хэту къыдэгъэкlаща (2011 - 2019 гъэхэм) «Дахащэр зи дуней...» («Живописная...»), «Щэху куэд зыхъумэ...» («Таинственная...»), «Къамыхута...» («Неизвестная...»), «Дызыщымыгъуаз...» («Загадочная...»), «Узыlэпызышэ...» («Увлекательная...»), «Хьэлэмэтхэр зи куэд...» («Удивительная...»), «Зихуэдэ щымыlэ...» («Неповторимая...»), «Нэрымылъагъуэхэр зи дуней...» («Мистическая...») тхыльхэр. Къыкlэлъыкlуэну къыдэкlыгъуэхэм папщlэ иужьрей илъэситхум жэрдэмщlакlуэхэм сурэтхэр, тхыгъэхэр, архив щыкъэтыгъэхэр зэхуахьэсу екlуэкlащ.

Дунейм къытехьа тхыльыр едзыгъуитlу зэхэтщ: «Гъащlэм къыхэна лъэужьхэр» икlи «Блэкlар - нобэрей дунейм» псалъащхьэм къыжьаlэ Котляровхэ зэщхьарусхэм лъэхъэнэхэр нэрымылъагъу къэупсыбэкlэ зэрызэрапхыр, кьежьапlэ зимылъэ екlуэкlыгъуэрэ кlэухрэ зэрыщымыlэри наlуэ къащl.

Ялъ Iыхьэм ихуащ къэрыщlэхэу Молодожёнин Леонидрэ Лезвиев Михаилрэ, ботаник Кос Юрэ, есэп щlэныгъэлI Франкль Феликс, композиторэу Шейблер Труворрэ Авраамов Арсенийрэ, нэгъэущl куэдми ехъулlа тхыгъэхэр. Къызэкlэлъыдгъэкlуа цlыхуэхэр цlэрыlуэ зыщlар сыт, ахэр ди лъахэм сыткlэ къепха, жьыпlэу уогупсысэ. Куэд дыдэ жьыпlэфыныр, ауэ кlэщlу къыхэбгъэщмэ, Лезвиев Михаилщ Налшык тыгъэ къыхуэзыщlар «Къызэдзэхэм» («Танцующая пара») сурэтыр, Шейблер Труворщ «Нартхэр» лIыхъжь эпосыр кьищтэу ялъ дыдэу утыкум хореографие джэгу щызыгъэувар, Франкль Феликсщ адыгэхэм зыщlэуащ фlыщlэмрэ къагъуныгъэмрэ иIэту адыгэ журту дуней закъеуэгъэщlыхуэр, иригъэкlуэкl къэхутэныгъэхэм щъхьэкlэ «адыгэ лъэужь» къыщыфlъыхъуэ, жызыар, адыгэбзэр уэрэрыжьу зэзыгъэщlар. Нэгъэущlу жьыпlэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, пыухыкlауэ къэбГъэлъэгъуэмэ, адыгэхэми я цlэр фlыкlэ ягъэщlу, и гъэзджэмрэ щынгъэкlуэкl къэух